



Pou Piblikasyon Imedya: 13/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONTE LIVINGSTON LAN, VIL NEW YORK AK
KONTE BROOME ATENN AKREDITASYON JESYON IJANS ETA A**

***Konte Livingston lan, Vil New York, ak Konte Broome lan Rejwenn Konte Oneida
Kòm Premye Òganizasyon Jesyon Ijans ki Atenn Akreditasyon nan Pwogram
Akreditasyon Jesyon Ijans Lokal la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management) Konte Livingston lan, Depatman Jesyon Ijans Vil New York la, ak Biwo Sèvis Ijans (Office of Emergency Services) Konte Broome lan te atenn akreditasyon nan kad Pwogram Akreditasyon Jesyon Ijans Lokal la (Local Emergency Management Accreditation Program). Yo te premye pwopoze pwogram akreditasyon nan Diskou Eta Leta 2017 Gouvènè a, li se premye pwogram konsa onivo eta nan nasyon an pou ajans jesyon ijans lokal yo. Konte Livingston lan, Vil New York, ak Konte Broome lan rejwenn Konte Oneida kòm kat premye òganizasyon jesyon ijans ki atenn estati sa nan eta a.

“Akreditasyon sa ap ede asire òganizasyon sekirite piblik nou yo resevwa fòmasyon ki pi ajou yo epi pou yo gen meyè pwosedi an plas lè yo ap reponn a yon ijans”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Òganizasyon sa yo te demontre konpetans yo nan 21 estanda diferan, epi mwen ap ankouraje lòt ajans yo pou yo chache gen deziyasyon sa a epi rejwenn nou pou n ka kreye yon New York ki pi solid, pi an sekirite ak pi sekirize pou tout moun.”

Pwogram lan, ki te devlope an patenarya ak Asosiyasyon Jesyon Ijans Eta New York la (New York State Emergency Management Association), gen ladan yon seri estanda biwo jesyon ijans lokal yo dwe satisfè pou yo ka resevwa akreditasyon pwofesyonèl sa a. Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) nan Eta a ap jere pwogram lan nan non Konsèy Akreditasyon Jesyon Ijans Lokal la (Local Emergency Management Accreditation Council), ki sèvi kòm ògàn direktè pou pwogram lan. Konte Livingston, Vil New York, ak Konte Broome lan te resevwa rekonesans pou akonplisman yo chak te atenn nan Konferans 2018 Asosiyasyon Jesyon Ijans Eta New York la te fè an Ivè a kote pwofesyonèl jesyon ijans ki soti toupatou atravè Eta New York yo te patisipe.

“Pwogram Akreditasyon Jesyon Ijans Lokal la se yon lòt egzanp patenarya solid eta ap fè ak Asosiyasyon Jesyon Ijans Eta New York la ak angajman kominote jesyon ijans lan pran an, epi mwen aplodi òganizasyon yo rekonèt pou lidèchip yo jodi a”, **Komisè**

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo, Roger L. Parrino, Sr., te deklare. “Kounye a, Ajans jesyon ijans lokal nan Eta New York yo gen estanda ki valab onivo eta pou yo travay anvè ak demontre konpetans yo. Pwogram sa ap ede elve ba a epi plis fè vanse domèn jesyon ijans lan.”

Yo gen entansyon pou pwogram akreditasyon an sèvi kòm yon mekanis pou ede souliye ak pwomouvwa ajans jesyon ijans lokal ki pwoaktif nan Eta New York yo. Akreditasyon an valid pou senk an, avèk yon opòtinite pou resevwa reyakreditasyon aprè peryòd senk an.

Michael Ponticiello, ki se Direktè Biwo Sèvis Ijans Konte Broome lan, te di, “Nou toujou ap travay pou nou fè Konte Broome la ak rezidan l yo pi rezistan. Se yon fonksyon kle nan Pwogram Jesyon Ijans nou an lè nou ede kominote nou yo prepare ak reponn a katastwòf yo. Sa vrèman pote lajwa lefèt nou pami youn nan premye konte nan eta ki konplete pwosesis akreditasyon an epi sa ap afime nou gen pwogram apwopriye an plas pou nou chita alatèt Jesyon Ijans nan New York”.

Kevin Neidermaier, ki se Direktè Biwo Jesyon Ajans Konte Livingston lan, te di, “Nou te travay di pou nou devlope yon pwogram jesyon ijans solid isit la nan Konte Livingston lan, epi akreditasyon sa a ap valide efò nou ap fè yo. Mwen vle remèsye lidèchip Konte a ansanm ak anpil lòt patnè nou yo, epi sa pa t ap posib san èd nou kontinye pote yo. Mwen vle espesyalman remèsye Administratè Konte a, lan Coyle, paske l pèmèt mwen gen fleksibilite pou pran Biwo Jesyon Ijans lan mennen vityèlman nan nenpòt direksyon nou bezwen pou nou akonpli objektif sa a”.

Joseph Esposito, ki se Komisè Depatman Jesyon Ijans Vil New York la, te di, “Rekonesans ofisyèl sa mete aksan sou travay san pran souf Depatman Jesyon Ijans Vil New York la ap fè pou ede Nouyòkè yo avan, pandan, ak aprè ijans yo. Nou fyè pou nou fè pati premye ajans jesyon ijans ki resevwa akreditasyon sa a, epi mwen pral kontinye fè efò nou ap fè yo pou nou devlope apwòch inovatè ak pwoaktiv anvè preparasyon pou, edikasyon sou, repons a, ak rekouvremant apre katastwòf yo”.

Biwo jesyon ijans lokal ki enterese resevwa akreditasyon sa a yo pral bezwen konpile ak devlope politik, plan ak dokiman ki nesèsè yo pou satisfè estanda akreditasyon yo. Yo pral pataje ak telechaje sou pòtay sitwèb NY Responds lan tout dokiman ki obligatwa yo poutèt pou yo ka wè materyèl yo alavans avan revizyon an fèt soulèye. Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan ak Asosiyasyon Jesyon Ijans Eta New York la pral founi asistans teknik pandan faz preparasyon an epi yon fwa yo resevwa tout materyèl yo mande yo, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan pral chwazi yon ekip ki gen omwen de evalyatè ki gen eksperyans pou yo fè yon revizyon.

Revizyon an pral gen ladan egzamen apwofondi nenpòt plan ak dokiman nesèsè yo, epi fè entèvyou ak Manadjè, pèsonèl, ak lòt moun Ijans yo, si sa nesèsè. Se reponsabilite biwo jesyon ijans yo pou yo demontre, dokimante, ak atikile kijan yo satisfè chak estanda ak kritè asosye yo. Biwo jesyon ijans lokal ki swete resevwa sètifikasyon yo dwe ranpli [fòmilè aplikasyon an](#) epi soumèt li nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Akreditasyon Jesyon Ijans Lokal Eta New

York la – ki gen ladan gid pou pwogram lan, elijibilite ak estanda yo – [isit la](#).

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo bay direksyon, kowòdinasyon ak soutyen nan efò n ap fè pou nou prevni, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn yo, menas, ensandi ak lòt ijans yo. Pou plis enfòmasyon, ale sou paj Facebook, swiv @NYSDHSES sou Twitter, oswa ale sou dhses.ny.gov.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)